*Ájiniyaz atındaǵı NMPI 2025-jıl ushın 10.00.02 – Ózbek ádebiyatı qánigeligi boyınsha óz betinshe-izleniwshilikke qabıllaw komissiyası májilisiniń*

**№ 2 PROTOKOLÍ**

**Nókis qalası** **26-noyabr 2024-jıl**

***Qatnasqanlar***: *NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor R.Eshmuratov; komissiya baslıǵı, f.i.b.f.d.(PhD), doc. S.Bekchanova, komissiya aǵzası f.i.b.f.d. (PhD) doc. H.Allambergenov, xatker f.i.b.f.d. (PhD) doc. N.Allambergenova hám talaban U.Qadirov.*

**Kun tártibinde:**

1. Nokis mámleketlik pedagogika institutına 2025-jıl ushın 10.00.02 – «Ózbek ádebiyatı» qánigeligi boyınsha óz betinshe-izleniwshilikke óz hújjetleren tapsırǵan talabanlardı qabıllaw ushın sáwbet.

**Bildiriw:** NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor R.Eshmuratov, 2025-jıl ushın 10.00.02 – Ózbek ádebiyatı qánigeligi boyınsha óz betinshe-izleniwshilikke hujjetleren tapsırǵan talaban U.Qadirov menen «Sáwbet» tiykarında tańlaw ótkeriliwi atap ótildi. Bul boyınsha tańlawǵa bekitilgen komissiya quramı aǵzalarınan: komissiya baslıǵı, f.i.b.f.d. (PhD), doc. S.Bekchanova, komissiya aǵzası f.i.b.f.d.(PhD), doc. H.Allambergenov, xatker f.i.b.f.d. (PhD), doc. N.Allambergenova tańlawda qatnasıp atırǵanlıǵın málim etti. Komissiya aǵzalarına doretiwshilik qábiliyetine iye, ilimli hám ılayıqlı talabandı tańlap alatuǵınlıǵına isenim bildirdi.

**Shıǵıp sóyledi:** Komissiya baslıǵı, f.i.b.f.d. (PhD), doc. S.Bekchanova, tańlawǵa qatnasıp atırǵan talabanǵa sáwbetlesiw qaǵıydaları hám tártipleri haqqında maǵlıwmat berdi hám áwmetler tiledi. Sońınan f.i.b.f.d. (PhD), doc. S.Bekchanova, komissiya aǵzası f.i.b.f.d. (PhD), doc. H.Allambergenovlar ózbek ádebiyattanıw ilimindegi teorialıq máseleler, ádebiyat tariyxınıń áhmiyetli mashqalaları, xalıq awızeki dóretiwshilig menen baylanısı hám t.b. izertlewler, sonday-aq dóretiwshilik isleri boyınsha sáwbet bolıp ótti.

Talaban Qadirov Umidbek Shavkat oǵli berilgen sorawlarǵa jaqsı juwap berilgenligi, ilimiy-teoriyalıq pikirlerin anıq jetkerip bergenligi, onı mısallar arqalı dálillep bere alǵanlıǵı atap ótildi.

Bunnan soń, komissiya baslıǵı, f.i.b.f.d.(PhD), doc. S.Bekchanova juwmaqlawshı pikirlerin esittirdi. Juwmaǵında, talaban Qadirov Umidbek Shavkat oǵliniń sorawlarǵa jaqsı juwap bergenligin inabatqa alıp, 10.00.02 – Ózbek ádebiyatı qánigeligi boyınsha óz betinshe-izleniwshilikke onıń kandidaturasın usınǵanlıǵın aytıp ótti.

Kún tártibindegi másele boyınsha bildiriw hám shıǵıp sóylewlerden soń

**Qarar etedi:**

1. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı stajyor-izleniwshilikke 2025-oqıw jılı ushın 10.00.02 – Ózbek ádebiyatı qánigeligi boyınsha óz hújjetlerin tapsırǵan talaban U.Sh.Qadirov sáwbetlesiw barısında óziniń teoriyalıq biliminiń hám ilimiy-dóretiwshilik qábiletiniń joqarılıǵın kórsetkenligi atap ótilsin;
2. NMPI Ilimiy bólimnen talaban sáwbetlesiwdi ótkergen komissiya quramı tárepinen talaban U.Sh.Qadirovtı 10.00.02 – Ózbek ádebiyatı qánigeligi boyınsha óz betinshe-izleniwshilikke qabıllaw usınıs etilsin;
3. NMPI Ilimiy bóliminen bul usınıstıń orınlanıwı boyınsha qarar qabıl etiwi soralsın.

**Komissiya baslıǵı:** **f.i.b.f.d.(PhD),doc.S.Bekchanova**

**Komissiya aǵzası:** **f.i.b.f.d.(PhD),doc.H.Allambergenov**

**Xatker:** **f.i.b.f.d.(PhD),doc.N.Allambergenova**